

NILAI MORAL SAJRONE CRITA RAKYAT GUGUR LUHUR ANGGITANE HASTARAHARJO (Tintingan Sosiologi Sastra)

Puput Sugih Eliah

Jurusan S1 Pendidikan Bahasa dan Sastra Daerah, Fakultas Bahasa dan Seni, Universitas Negeri Surabaya
puputsugiheliah@yahoo.co.id

Prof. Dr. Udjang Pairin, M.Pd.

Dosen S1 Pendidikan Bahasa dan Sastra Daerah, Fakultas Bahasa dan Seni, Universitas Negeri Surabaya

Abstrak

Sastra lair saka masyarakat, mula saka kuwi sastra ora bisa dipisahake saka masyarakat. Kaya dene moral ora bisa dipisahake saka bebrayan. Ing bebrayan saiki moral ing masyarakat ora sepira digatekake. Liwat karya sastra dikarepake bisa menehi tuladha kang becik tumrap masyarakat. Salah sijine jinis karya sastra kang akeh ngemot bab nilai moral yaiku crita rakyat. Ancase panliten iki yaiku: 1) ngandharake nilai moral sesambungan manungsa karo Pangeran, 2) ngandharake nilai moral sesambungan manungsa lan manungsa liya, 3) ngandharake nilai moral sesambungan manungsa lan awake dhewe, 4) nilai moral apa kang bisa ditrepake ing urip bebrayan saiki.

Methodhe kang digunakake ing panliten iki yaiku methodhe deskriptif kualitatif kanthi nggunakake tintingan sosiologi sastra. Sumber dhata panliten iki yaiku crita rakyat Gugur luhur dening Hastaraharjo. Dhata panliten iki arupa cuplikan sajrone crita rakyat kang arupa dialog antar tokoh, monolog, lan narasi saka pangripta. Methodhe analisis dhata nggunakake methodhe analisis isi.

Asile panliten nuduhake yen sajrone crita rakyat Gugur Luhur ngemot, Nilai moral sesambungan manungsa karo Pangeran bisa digambarake kaya kapercayan Pangeran, taat, nindakake tradhisi, muji sokur. Nilai moral sesambungane manungsa karo manungsa liya bisa digambarake kaya kekancan, kaluwargan, katresnan, kiyant, kasetyan, apus-apus, tulung-tinulung, musyawarah, bela bangsa. Nilai moral sesambungan manungsa karo awake dhewe bisa digambarake kaya ajining dhiri, dhendham, andhap asor, kawicaksanan, tanggung jawab, kawanenan, wedi, sabar lan gigih. Nilai moral kasebut ana kang bisa di trepake ing urip bebrayan saiki kayata, percaya marang Pangeran, nindakake tradhisi, taat, muji sokur, kekancan, katresnan, kaluwargan, kasetyan, tulung-tinulung, musyawarah, bela bangsa, ajining dhiri, andhap asor, kawicaksanan, tanggung jawab, kawanenan, sabar, lan gigih.

Tembung wigati: Nilai moral, crita rakyat, gugur luhur, Hastaraharjo.

PURWAKA

Landhesane Panliten

Sastra kalebu karya kang dumadi saka pamikiran pawongan kang kajupuk saka kedadeyan-kedadeyan sabendinane pangripta lan saka critane wong liya. Sastra minangka wujud lan asil pakaryan seni kreatif kang objeke manungsa lan panguripane kang diandharake lumantar basa (Semi, 1998:8). Pengarang urip ing bebrayan utawa ing masyarakat. Saka panguripane masyarakat kasebut, pengarang bisa nyiptakake karya sastra. Lumantar karya sastra pengarang nggambarake masalah utawa kedadean ing panguripan. Kedadean lan kahanan kang ana sajrone karya sastra minangka bisa dadi gegambaran utawa pangilon masyarakat iku dhewe.

Adhedhasar andharan ing ndhuwur bisa dimangerteni yen sastra ora bisa uwal saka manungsa lan kabudayan. Karya sastra uga bisa diarani nyritakake maneh kedaean utawa masalah kang nyata kanthi basa kang dadi medhia. Basa sajrone karya sastra dituntut bisa dimangerteni lan dipahami dening pamaca. Karya sastra uga nduweni ciri nggunakake basa kang endah, saliyane iku basa sajrone karya sastra uga kudu bisa nyampekake ide gagasan lan imajinasine saka karya sastra, lan uga kudu bisa narik kawigatene pamaca.

Karya *imajinatif* saka karya sastra bisa arupa guritan, prosa lan drama. Salah sijine jinis karya sastra kang

awujud prosa yaiku crita rakyat. Crita rakyat minangka salah sawijine wujud karya sastra dhaerah. Crita rakyat yaiku karya sastra tradhisional jalaran mujudake asile karya kang dilairake saka saperangan masyarakat kang isih ngugemi nilai-nilai kabudayan kang asipat tradhisional utawa luhur (Dharmojo, 1988:21). Crita rakyat kang tuwuh ing masyarakat lan sumebar kanthi cara lisan, nangin senajan disebarake kanthi cara lisan, ing kasunyatan crita rakyat saiki wis akeh kang awujud tulisan. Para sastrawan ngonceki crita rakyat kang sumebar ing saben dhaerah banjur asile digambarake awujud karya sastra tulis.

Miturut Danadjaja (1997:66-68) crita prosa rakyat yaiku sastra lisan kang awujud prosa, kang diandharake kanthi cara crita utawa tutur lan dipercaya dening masyarakat yen panyebarane kanthi cara turu-temurun. Crita prosa rakyat kaperang dadi telung golongan yaiku: mote, legendha, lan dongeng.

Kaya kang wis kaandharake ing ndhuwur, karya sastra prosa kang awujud crita rakyat sumebar liwat lisan utawa tuturan, lan isih dipercaya dening saperangan masyarakat nganti saiki. Umume karya sastra kang awujud prosa crita rakyat dadi medhia kanggo nyampekake nilai-nilai panguripan. Salah sijine unsur kang bisa disampekake sajrone crita rakyat yaiku ngenani

fungsi utawa guna moralitas kang menahi kawruh marang pamaca ngenani moral kang becik lan ala.

Moral kang disampekake utawa kang kinandhut sajrone karya sastra banget migunani lan nduweni manfaat kang akeh. Cara nyampekake nilai-nilai moral lantaran sastra crita rakyat bisa dadi katon jelas lan cetha kang kinandhut sajrone ukara, dialog antarane paraga siji lan liyane utawa monolog utawa andharane paraga kuwi dhewe. Nurgiyantoro (2007:323) merang moral dadi telu yaiku (1) moral sing nduweni sesambungan antarane manungsa karo Gustine, (2) moral kang sesambungan antarane manungsa karo manungsa liyane ing babagan sosial, (3) moral kang nduweni sesambungan antarane manungsa karo *individu*.

Salah sawijine crita rakyat kang ngemot utawa ngandharake bab ngenani moral yaiku cerita rakyat kang kapacak ing majalah Jayabaya taun 2014-2015. Cita rakyat kasebut yaiku “Gugur Luhur” anggitane Hastaraharjo. Cita rakyat Gugur Luhur iki sabanjure CRGL, nyritakake ngenani paraga Tumenggung Mento Setiko kang nduweni watak utawa sipat kang luhur, nduweni moral lan solah bawa kang becik lan patut didadekake tuladha.

1. Uderaning Panliten

Adhedhasar landhesan panliten kang wis diandharake sadurunge, bisa diasilake underan panliten kaya ing ngisor iki:

- (1) Kepriye nilai moral kang nduweni sesambungan antarane manungsa karo Gustine?
- (2) Kepriye nilai moral kang nduweni sesambungan antarane manungsa karo manungsa liyane?
- (3) Kepriye nilai moral kang nduweni sesambungan antarane manungsa karo *individu*?
- (4) Apa bae nilai moral kang ana ing CRGL kang bisa ditrepake ing bebrayan?

2. Ancasing Panliten

Adhedhasar Uderaning panliten kang diandharake sadurunge, bisa diasilake ancas panliten kaya ing ngisor iki:

- (1) Njlentrehake nilai moral kang nduweni sesambungan antarane manungsa karo Gustine?
- (2) Njlentrehake nilai moral kang nduweni sesambungan antarane manungsa karo manungsa liyane?
- (3) Njlentrehake nilai moral kang nduweni sesambungan antarane manungsa karo *individu*?
- (4) Njlentrehake nilai moral kang ana ing CRGL kang bisa ditrepake ing bebrayan?

3. Paedahing Panliten

Paedah panliten iki bisa diperang dadi loro, yaiku piguna teoritis lan piguna praktis.

1) Paedah Teoritis

Panliten iki kaajab bisa menahi kawruh ngenani ilmu sastra Jawa, mligine ngenani nilai-nilai moral sajrone crita rakyat kanthi tintingan sosiologi sastra. Saliyane iku panliten iki uga kaajab bisa dadi salah

sawijine refrensi kanggo nganakake panliten kang padha utawa meh padha.

2) Paedah Praktis

Panliten iki kaajab bisa menahi piguna kanggo perangan tartamtu kaya ing ngisor iki:

- (1) Tumrap panliti, diajab bisa kanggo ngecakake kawruh lan katrampilan kang wis ditampa nalika kuliah.
- (2) Tumrap sastra Jawa, diajab bisa menahi sumbangan tumrap ngrembakane panlitan karya sastra kang nggunakake tintingan sosiologi sastra.
- (3) Tumrap piwulang sastra, diajab bisa digunakake minangka piranti anggane nyinaoni apresiasi sastra utawa kritik sastra.
- (4) Tumrap pamaca, diajab bisa njembarake kawruh nalika ngrembug ngenani nilai moral supaya bisa tumindak kang luwih becik.

4. Wewatesan Tetembungan

Wewatesan istilah nduweni pangajab supaya ora ana salah pangerten lan supaya kabeh pihak nduweni konsep kang padha ngenani istilah kang digunakake sajrone panliten iki. Ing ngisor iki bakal njlentrehake istilah kang ana gegayutane karo irah-irahan yaiku:

- (1) Cerita Rakyat mujudake salah sijine reriptam sastra Jawa. Ana maneka pamawas ngenani cerita rakyat ngenani tegese crita rakyat. Dharmojo (1998:21) njlentrehake yen crita rakyat yaiku sastra tradhisional jalaran mujudake asile karya kang dilairake saka saperangan masyarakat kang isih ngugemi nilai-nilai kabudayan kang asipat luhur lan asipat spiritual.
- (2) Nilai Moral, tembung moral kuwi asale saka basa latin, yaiku saka tembung *Mores* kang tegese kasusilan, tabiat utawa tata laku. Dadi bisa ditegesi moral yaiku ajaran ngenani kasusilan (Burhanuddin, 1997:2). Tembung moral ngrembug ngenani becik lan alane patrap apa kang disandhang. Maksud saka patrap kang disandhang kayata manungsa minangka dhosen, dhokter, guru nanging minangka manungsa (Suseno, 1987:19).
- (3) Sosiologi Sastra yaiku sawijine cabang ilmu sastra kang mawas menawa sosiologi sastra merkarakake karya sastra iku dhewe, kang dadi punjere yaiku apa kang sumirat sajrone karya sastra (Wellek & Werren sajrone Damono, 1978:3).

TINTINGAN KAPUSTAKAN

1. Crita Rakyat

Miturut Danadjaja (1997:66-68) crita prosa rakyat yaiku sastra lisan kang awujud prosa, kang diandharake kanthi cara crita utawa tutur lan dipercaya dening masyarakat yen panyebarane kanthi cara turu-temurun. Cita prosa rakyat kaperang dadi telung golongan yaiku: mote, legenda, lan dongeng.

1) Konsep Crita Rakyat

Cita rakyat ngangkat crita kang asale saka masyarakat kang ngrembaka ing masyarakat ing jaman kepungkur, crita rakyat nduweni ciri khas tradhisi/budaya

kang ana ing dhaerah kasebut. Crita rakyat biyasane nyritakake paraga kayata dewa, kewan lan manungsa kang nduweni kekuwatan kang linuwih banjur dicriticalale liwat lisan. (KBBI sajrone Danadjaja, 1984). Crita rakyat ing jaman biyen cara panyebarane uga saka lisan lan cara diturun temurunake uga liwat lisan, mula crita rakyat kadhang ing dhaerah siji lan liyane bisa beda critane utawa nduweni versi crita kang akeh. Mirurut (Baskom sajrone Danadjaja, 1984). Crita rakyat diperang dadi telu, andharane kaya ing ngisor iki:

2) Jinise Crita Rakyat

Cerita rakyat bisa diperang dadi telung jinis yaiku, mite, legendha, lan dongeng (Baskom sajrone Danadjaja, 1984). Kateliu jinis crita rakyat kasebut nduweni bab kang mbedakake kaya ing ngisor iki:

(1) Mite

Mite dianggep ana lan kedadean sarta dianggep suci dening masyarakat, paraga kang dicritakake sajrone mite yaiku para dewa. papan panggonan kedadean yaiku ing donya liya, ora ing donya kang kita mangerteni saiki lan wis kedadean ing jaman kepungkur. Tuladhane kayata Nyi Roro Kidul.

(2) Legendha

Legendha dianggep ana lan kedadean nanging ora dianggep suci dening masyarakat, paraga kang dicritakake sajrone legendha yaiku manungsa, senajan kadhang-kadhang nduweni sipate kang linuwih utawa dibantu karo makhluk gaib. Papan panggonan kedadean yaiku ing donya kang kita mangerteni saiki lan wektu kedadeane ora sepira suwe. Tuladhane kayata Dumadine Danau Toba.

(3) Dongeng

Dongeng dianggep ora bener-bener kedadean, paaraga kang dicitakake sajrone dongeng bisa dewa, manungsa utawa kewan. Papan panggonan kedadean ora dijlentrehake utawa ora disebutake, biyasane nggunakake tembung-tembung “ing sawijine papan/panggonan”, wektu kedadean ora jelas utawa ora disebutake. Tuladhane kayata Kancil Nyolong Timun.

3) Fungsi Crita Rakyat

Fungsi Crita rakyat yaiku menahi tuntunan kanggo masyarakat, sajrone crita rakyat akeh ngemot bab ngenani nilai moral lan ajaran sarta pedhoman sajrone crita rakyat kanggo tumindak lan solahbawa. Sinau bab solah bawa lan bab kanga la lan becik bisa lumantar sastra utawa crita supaya apa sapa bae kang sinau bisa nduweni rasa sneng lan luwih mangerteni apa kang disinaoni, lumantar crita rakyat dikarepake pamaca bisa sinau bab moral an solah bawa kanggo urip ing bebryan. Sajrone crita rakyat ngemot nilai-nilai budaya dhaerah kang dianut dening masyarakat.

3. Sosiologi Sastra

Wellek & Werren (1990:111) merang sosiologi sastra dadi telung klasifikasi. 1) sosiologi peragarang merkarakake status sosial, ideologi sastra, lan liya liyane

kang gegayutan karo pengrang minangka asil sastra. 2) sosiologi sastra merkarakake karya sastra kang dadi punjere yaiku apa kang sumirat sajrone karya sastra lan apa kang dadi tujuwane. 3) sosiologi sastra kang gegayutan karo pamaca sarta daya panaribawne karya sastra tumrap mayarakat. Sosiologi sastra mujudake ilmu kang ngrembug ngenani gegayutane sastra lan masyarakat. Sesambungan antarane karya sastra, pamgripta lan masyarakat ora bisa dipisahake

Saka panemu ing ndhuwur bisa didudut yen sosialogi sastra ngrembug ngenani hubungan antarane karya sastra, pengarang lan masyarakat minangka penikmat karya sastra. Sosiologi sastra tujuwane kanggo ngandharake gegayutane unsur karya sastra karo kanthi aspek kemasyarakatan. Lan panliten iki ngener ing panemune Wellek & Werren kang ngrembug ngenani moral kang gegayutane karo babagan kang sinurat ing karya sastra.

4) Nilai Moral

Tembung moral kuwi asale saka basa latin , yaiku saka tembung *Mores* kang tegese kasusilan, tabiat utawa tata laku. Dadi bisa ditegesi moral yaiku ajaran ngenani kasusilan (Burhanuddin, 1997:2). Tembung moral ngrembug ngenani becik lan alane patrap apa kang disandhang. Maksud saka patrap kang disandhang kayata manungsa minangka dhosen, dhokter, guru nanging minangka manungsa (Suseno, 1987:19).

5) Nilai Moral sajrone Sastra

Nilai moral sajrone karya sastra, utawa bisa ditegesi nilai ngennai budi pekerti, solah bawa kang diolehi saka karya sastra. Jumbuh karo apa kang diandharake dening Nurgiyantoro (2002: 320) yen moral minangka makna kang kinandhut sajrone karya sastra kang pengin disampekake dening pengarang marang penikmat utawa pamaca karya sastra.

nduweni sesambungan karo solah bawa, kasusilan lan piwulang kang mulangake bener sarta kleru tumrap tumindake manungsa. Bab kasebut selaras karo pamawase Nurgiyantoro (1994:321) ngandharake istilah moral yaiku piwulang becik ala kang ditampa kanthi umum ngenani solah bawa, tumindak, budi pakerti lan susila. Piwulang moral diwedharake lumantar amanit kang sinurat sajrone cerita rakyat.

Nurgiyantoro (2007:323) merang moral dadi telu yaiku (1) moral sing nduweni sesambungan antarane manungsa karo Gustine, (2) moral kang sesambungan antarane manungsa karo manungsa liyane ing babagan sosial, (3) moral kang nduweni sesambungan antarane manungsa karo *individu*.

(1) Sesambungan Manungsa karo Pengeran

Moral kang nduweni sesambungan antarane manungsa karo Pengeran lumrahe nduweni gegayutan karo agama. Kaya kang diandharaje Nurgiyantoro (2007:327) yen agama luwih cundhuk ing ngabektine pawongan marang Pengeran kanthi nggunakake paugeran

kang wis ditemtokake. Tuladhane kaya tirakat, donga, sholat, pasa, lsp. Moral kaya mangkono minangka moral kang kudu ditinakake merga kalebu sipat kang becik. Nilai moral kang pinunjul sajrone sesambungan manungsa marang Gustine yaiku kaya ing ngisor iki.

a. Percaya marang Kuwasane Pengeran

Percaya berarti ngakoni lan yakin marag samubarang kang bener utawa nyata anane. Kapercayan marang samubarang kang luwih dhuwur tatarane saka manungsa wis ana wiwit jaman semana. Iku kang mertandhani yen kapercayan marang kuwasane Pengeran kang ana ing tataran sandhuwure manungsa kang luwih dhuwur saka manungsa

b. Taat marang Ajaran

Sesambunagne manungsa klawan Pangeran uga bisa dideleng saka sepira kuwat utawa taat manungsa lan masyarakat sajrone nindakake kuwajibane memegang teguh ajaran utawa tradhisi kang wis ana wiwit jaman semono. Taat/ memegang teguh ajaran minangka bukti komitmen utawa janjine manungsa marang kapercayan (Setyawati, 2012) komitmen kang dimaksud yaiku komitmen kanggo nindakake ajaran kang diolehi sajrone urip.

c. Nindakake Tradhisi

Tradhisi yaiku kebiasaan kang dilakoni dening saperangan kelompok masyarakat tartamtu kang kebiasaan iku dilakoni terus-terusan nganti saiki. Miturut Djamaris (sajrone Ratni, 2016) tradhisi utawa bisa diarani uga peraturan katulis lan kudu ditati lan dipercaya.

d. Muji Sokur marang Pangeran

Miturut KBBI tembung syukut utawa sokur ditegesi (1) rasa matur nuwun marang Pangeran, lan (2) rasa lega, bungah lan liya-liyane. rasa sokur ana amarga manungsa rumangsa oleh apa kang dikarepake utawa oleh samubarang kang banget dipengini utawa kang dadi pangarep-arep.

(2) Sesambungan Manungsa lan Manungsa Liyane

Manungsa sejatine diciptakake ora bisa pisah saka manungsa liyane. mula saka kuwi manungsa biasa diarani makhluk sosial, amarga manungsa mbutuhake manungsa liyane sajrone uripe. Manungsa ora bisa urip tanpa anane bantuan saka manungsa liyane. andharan iki jumbuh karo panemune Poespoprodjo (1999:143) kang ngandharake menawa kodrate manungsa yaiku sosial. Manungsa lair masyarakat lan diciptakakake dadi masyarakat. Kang nglancarakake panguripan sosial yaiku kanggo masyarakat. Kang uga ngganggu panguripan sosial yaiku ala kanggo masyarakat.

a. Kekancan yaiku kerja sama utawa memitran antarane wong siji lan liyane, kang bisa menahi dhukungan, pitulungan, lan bisa uga menahi samubarang kang beci sajrone kekancan utawa memitran marang siji lan liyane. sajrone kekancan utawa memitran dituntut anane katulusan lan kajujuran supaya anggone memitran lan kekancan bisa sajrone kabecikan.

b. Kasetyan

Miturut KBBI (sajrone Luluk, 2016) tegese setya yaiku teguh marang janji, pendhirian, lan liya-liyane. patuh lan taat kepriye bae abote tugas utawa kuwajibane kang kudu dilakoni. Kasetyan uga bisa diarani ora mlincur utawa ora mblenjani apa kang dadi ucape utawa apa kang dadi pilihane.

c. bebrayan

bebrayan yaiku anane hubungan antarane wong siji lan liyane kang bisa arupa hubungan dharah utawa talisuci kanga ran pernikahan. Kaluwarga bisa dumadi saka sesambunane saboyo, wong tuwa klawan anak, utawa sesambungan anatara liyane. kaluwarga uga bisa ditegesi sambung rasa kang diciptakake dening manungsa siji lan liyane kanggo ngraketake sesambungan antarane kalorone utawa kelompok supaya tuwuh rasa welas asih lan paseduluran

d. Katresnan

Katresnan minangka rasa kang tuwuh utawa diduweni manungsa siji marang manungsa liyane. katresnan bisa diarani rasa cinta utawa sayang kang dibarengi rasa welas asih. Wong kang lagi nandang katresnan biyasane mesthi nduwe rasa tanggung jawa, pengorbanan, kajujuran, percaya, njaga, lan uga nduweni rasa pangerten antarane wong siji marang liyane. rasa tresna iki bisa tuwuh utawa ana sajrone sesambunane anak lan wong tuwane. Wong kang saboyo, sahabat utawa mitrane.

e. Kiyanat

Kiyanat yaiku ora setiya kang bisa ditegesi minangka tumindak kanga la, utawa tumindak kejahatan kang dilakoni dening wong siji marang liyane, marang negarane kang kalebu tumindak kejahatan kang serius. Kyanat uga bisa diarani mblenjani janji, luput saka tanggung jawab lan apa kang dadi kuwajibane kang kudu dilakoni.

f. Apus-apus

Apus-apus utawa mbujuki yaiku tumindak utawa omongan kang ora sabener. Miturut KBBI, bohong utawa apus-apus yaiku ora sesuai kanthi bab utawa kedadean kang sabener (dhusta) ora jujur.

g. Tulung Tinulung

Manungsa minangka makhluk sosial kang ora isa luput saka wong liyane. manungsa ora isa urip tanpa ana bantuan saka wong liya. Tulung-tinulung yaiku tumindak menahi bantuan marang liyane kang lagi mbutuhake utawa kang lagi ora isa nindakake samubarang kanthi cara dhewekan

h. Musyawarah

Manungsa minangka makhluk kang nduweni pamikiran lan kapribadhen kang beda antarane wong siji

lan liyane. bab kasebut ndadekake wong siji lan liyane salah paham nganti bisa nuwuhake tukar padu. Kanggo ngatasi utawa mungkasi perkara kasebut ana cara kang diarani musyawarah utawa diskusi.

i. Bela Bangsa

Bela bangsa yaiku tumindak, tekad, usaha warga bangsa utawa negara kanggo njaga negarane saka samubarang kang bisa nggawe negarane rusak lan liyane. konsep bela negara utawa bangsa disusun dening perangkat perundangan lan petinggi negara ngenani kesaguhane pawongan utawa kelompok kanggo kapentingan lan mertahanake negarane.

(3) Sesambungan Manungsa lan Awake Dhewe

Manungsa urip ora ana kang ora nduwe masalah, kabeh manungsa kang urip mesthi nduwe masalah sajrone panguripan. Masalah kang dinduweni manungsa siji lan liyane uga ora padha. Jumbuh karo apa kang diandharake dening Nurgiyantoro (sajrone Luluk, 2016) kang ngandharake menawa “persoalan manungsa karo awake dhewe ana maneka warna jinise lan tingkat *intensitanyane*”. Moral sesambungane antarane manungsa karo pribadine ngrembug ngenani patrap becik lan ala tumrap ragane dhewe. Nurgiyantoro (2007:327) ngandharake yen perkara sesambungan karo awake dhewe iku lumrah ngrembug ngenani eksistensi dhiri, percaya dhiri, wedi, tresna lan nduweni seambungan karo kajiwan saka *individu*.

a. Harga Dhiri

Gilbert (sajrone Luluk, 2016) ngandharake yen harga dhiri yaiku nilai kang diwenehake marang dhiri utawa awake dhewe, sepira nyaman dadi awake dhewe kang sabener lan seadoh endi rumangsa bener-bener bungah lan sukses. Manungsa nalika bisa nregani awake dhewe lan njaga awake saka tumindak kang ala, nalika manungsa isa bangga lan bungah marang apa kang diduweni lan apa kang ana ing awake bisa diarani nduwe harga dhiri, utawa bisa nregani awake.

b. Dhendham

KBBI (2001:250) ngandharake yen dhendham yaiku pepinginan kang tuwuh kanggo mbales tumindake wong liya marang dheweke. Nalika ana wong kang tumindak salah marang dheweke, mula ing njero atine tuwuh rasa pengin mbales ing liya wektu. Pepinginan kasebut ditandur jero ing atine lan bakal dilakoni ing dina liyane.

c. Andhap Asor

Nduweni sipat andhap asor yaiku nganggep padha antarane awake dhewe lan liyane. ora nganggep awake paling utawa lebih dhuwur drajate saka liyane. liwat sipat andhap asor, manungsa bakal bisa lueih ngormati, nregani liyan, saengga sajrone urip bebrayan bisa selaras.

d. Wicaksana

Wicaksana bisa dituduhake kanthi nggunakake akal budi lan tliti sajrone njupuk keputusan. Wicaksana berarti

bisa mungkasi masalah utawa perkara kanthi becik. Kanthi solusi kang nguntungake lan kanthi ora ngrugeni

e. Tanggung Jawab

Setyawati (sajrone Luluk, 2016) nganggep yen tanggung jawab sesambungane karo wong kang bisa dipercaya lan bisa diandhalake dening wong liya. Nanging Salam (2000:43) ngandharake yen definisi tanggung Jawab nengenake ing kesaguhane kanggo netepake solah bawa ngenani tumindak lan uga ing kesaguhane kanggo mikul resiko lan kabeh tumindak.

f. Kawanenan

Kawanenan yaiku rasa kang tuwuh sajrone pangrasane manungsa kang ndadekake manungsa wani utawa bisa ngadhepi samubarang kang arupa kahanan kang mbebayani, abot lan liya-liyane. Nalika maungsa eling marang samubarang kang bisa nggugah rasa kawanenane biyasane manungsa bisa semangat banjur rasa wani tuwuh. Manungsa kang nduwe rasa wani ora berarti ora nduwe rasa weni. Nanging manungsa kang wani yaiku manungsa kang bisa ngalahake rasa wedine

g. Wedi

Wedi yaiku rasa goreng kanggo ngadhepi samubarang kang ana. Wedi dumadi saka pikiran ora sanggunp ora mampu lan ora kuwat saka pamikiran manungsa.

h. Sabar

Sabar yaiku nahan dhiri saka kesusahan lan nangepi utawa ngadhepi kanthi cara kang becik, pasrah lan percaya marang kuwasane Pangeran. Sabar uga bisa diarteni minangka cara manungsa narima marang apa kang wis dadi takdire Pangeran Kang Kuwasa, manungsa among bisa narima lan usaha supaya dadi kang luwih becik.

i. Gigih

Gigih yaiku sikap tangguh, ora gampang nyerah, nyekel teguh pendhirian kang wis dipercaya, tekun lan usaha. Wong kang nduweni sikap gigih nduweni kapercayan dhiri kang kuwat, mula dheweke ora gampang putus asa karo usaha kang dilakoni senajan abot tetep dilakoni nganti pungkasan

6. Lelandhesan Teori

Lelandhesan teori kang digunakake yaiku sosiologi sastra miturut Wellek & Werren (1990:111) kang merang sosiologi sastra dadi telung klasifikasi. 1) sosiologi peragarang merkarakake status sosial, ideologi sastra, lan liya liyane kang gegayutan karo pengrang minangka asil sastra. 2) sosiologi sastra merkarakake karya sastra kang dadi punjere yaiku apa kang sumirat sajrone karya sastra lan apa kang dadi tujuwane. 3) sosiologi sastra kang gegayutan karo pamaca sarta daya panaribawne karya sastra tumrap masyarakat.

Nilai moral bakal ditintingi kanthi konsepe Nurgiyantoro. Nurgiyantoro (2007:323) merang moral dadi telu yaiku (1) moral sing nduweni sesambungan antarane manungsa karo Gustine, (2) moral kang

sesambungan antarane manungsa karo manungsa liyane ing babagan sosial, (3) moral kang nduweni sesambungan antarane manungsa karo *individu*.

METODHE PANLITEN

Metodhe mujudake sawijine cara kanggo nindakake panliten adhedhasar tata cara kang wis karancang. Sajrone bab iki bakal diandharake ngenani metodhe panliten kang kaperang dadi nenem, yaiku ancangan panliten, sumber dhata lan dhata panliten, instrument panliten, tata cara ngumpulake dhata, tata cara njlentrehake dhata, lan tata cara nyuguhake asile panliten.

1. Rancangan Panliten

Rancangan panliten iki ngandharake ngenani jinise panliten sing digawe kanggo nintingi cerita rakyat kang bakal diteliti. Cerita rakyat arupa karya tulis minangka objeke. Mula saka iku panliten iki nggunakake panliten Dheskriptif Kualitatif. Wujud saka panliten iki sipate alamiah lan ngasilake dhata dheskriptif arupa ukara-ukara tulis utawa lisan saka pawongan patrape pawongan, utawa dhata-dhata liyane kang bisa dijingglengi dening panliti. (Sangidu, 2004:7).

2. Sumber Dhata

Miturut (Maramis, 2015) konsep dhata yaiku bahan katerangan ngenani samubarang objek panliten sing diolehi ing lokasi panliten. Sumber dhata yaiku subjek saka ngendi dhata kasebut diolehi. Sumber dhata bisa awujud buku, dhokumen, lan liyane kuwi kalebu sumber dhata katulis (Moleong, 2010:159). Sasaran saka panliten iki nintingi struktur sajrone Cerita Rakyat Gugur Luhur, banjur nggoleki nilai-nilai moral kang dadi punjere panliten iki. Arikunta (2006:129) ngandharake menawa sumber dhata yaiku subjek asale dhata kang dijupuk. Sumber dhata kang utama sajrone panliten iki yaiku subjeke saka Majalah Jayabaya taun 2014-2015.

3. Dhata Panliten

Dhata mujudake sawenehing bahan kang bakal ditintingi. Ratna (2014:47) ngandharake sajrone ilmu sastra, sumber dhata kang digunakake arupa riptan utawa naskah minangka dhata formal kang awujud tembung-tembung, ukara, lan wacana. Dhata kang bakal diteliti ing panliten iki arupa nilai moral.

4. Instrumen Panliten

Instrumen panliten yaiku piranti kang digunakake nalika nindhakake panliten. Sajrone panliten kang arep ditindakake iki, instrumen panliten diperang dadi rong bagiya. Yaiku kaperang dadi instrumen utama lan instrumen panyengkung. Instrumen utama sajrone panliten iki yaiku panliti dhewe kang nindhakake panliten tumrap crita rakyat gugur luhur anggitane Hastaraharjo. Mula ing kene tanpa anane instrumen utama, panliten ora bakal kalasanan. Instrumen panyengkuyung sajrone panliten iki yaiku arupa kartu dhata.

5. Tata Cara Ngumpulake Dhata

Teknik kapustakan yaiku teknik pangumpulan dhata kang nggunakake sumber dhata utawa dhokumen kang katulis (kapustakan). Miturut Sunarto (2001:28) panliten sastra kang dadi sumber dhata pustaka yaiku sumber kang awujud dhokumen (film, video, lan informasi kang diolehi liwat internet, jurnal, buku-buku, kalawarti ilmiah, lan publikasi kang wis didhokumentasekake). Cara ngumpulake dhata-dhata kang dijupuk saka pustaka kanthi nggunakake sistem tandha kang gegayutan karo panliten iki. Tandha kasebut bisa digaris utawa dicathet. Teknik maca lan nyathet mujudake teknik kang digunakake kanggo ngasilake dhata kanthi cara maca teks kang dadi sumber panliten, kang bakal ditulis utawa dicathet nggunakake kartu dhata, supaya nggampangake panliten kanggo milah-milah dhata.

6. Teknik Nganalisis Dhata

Tata cara nganalisis dhata iki nduweni ancas supaya apa kang diteliti bisa ngasilake analisis kang runtut lan jumbuh karo ancane panliten. Ing kene panliten diajab bisa nata kasile panliten saka kawitan nganti pungkasan kanthi runtut uga cetha.

Tata cara kang digunakake kanggo nganalisis dhata iki nggunakake dheskriptif kualitatif. Analisis dheskriptif kualitatif yaiku analisis kang ditindakake kanthi cara ngandharake kedadeyan (Moleong, 2010:238). Banjur disusul nggambarake kanthi sistematis dhata-dhata kang factual lan ngenani fakta-fakta kang gegayutan karo objek.

Metodhe analisis digunakake kanggo nganalisis struktur saka CRGL, nilai moral kang kinandhut sajrone teks CRGL. Teori kang digunakake kanggo nganalisis yaiku teorine Nurgiyantoro.

Tata cara nganalisis dhata ing panliten iki kanthi runtut bisa diandharake kaya ing ngisor iki:

- (1) Ngidentifikasi dhata kang diolehi adhedhasar undherane panliten yaiku nilai moral kang sesambungan karo Pengeran, nilai moral kang sesambungan karo awake dhewe, lan nilai moral kang sesambungan karo wong liya.
- (2) Ngidentifikasi dhata kang sna sajrone objek kajian sesuai karo undheran panliten lan tujuwane panliten, banjur dilebokake ing klasifikasi kang sesuai karo rumusan masalah lan tujuwan panliten yaiku nilai moral kang sesambungan karo Pengeran, nilai moral kang sesambungan karo awake dhewe, lan nilai moral kang sesambungan karo wong liya.
- (3) Ndheskripsikake jinise nilai moral kang ana ing objek kajian penelitian.
- (4) Maparake asil panliten supaya oleh deskripsi wangsulan ngenani masalah penelitian yaiku nilai moral kang sesambungan karo Pengeran, nilai moral kang sesambungan karo awake dhewe, lan nilai moral kang sesambungan karo wong liya.

Nggawe dudutan ngenani asil panliten yaiku nilai moral kang sesambungan karo Pengeran, nilai moral kang sesambungan.

7. Tata Cara Nyuguhake Dhata

Tata cara nyuguhake dhata sajrone panliten iki yaiku tata carane panliti kanggo nyuguhake asil analisis dhata

kang awujud laporan katulis ngenani sakabehe kang diasilake sajrone panliten iki, mligine ngenani struktur lan nilai patriotisme sajrone crita rakyat Gugur Luhur. Andharan asile panliten sajrone panliten Nilai Moral sajrone Cerita Rakyat Gugur Luhur anggitane Hastarahardjo ditulis kanthi urutan kaya ing ngisor iki.

- (1) Bab I sajrone panliten iki ngandharake purwaka kang ngemot landhesane panliten kang ngandharake prakara apa kang dadi objek panliten lan kena ngapa prakara kasebut diteliti. Bab I uga ngandharake undherane panliten, tujuwane panliten, paedaha panliten, watesane panliten, lan wewatesane tetembungan.
- (2) Bab II sajrone panliten iki ngandharake tintingan kapustakaan kang ngemot panliten kang saemper, konsep nilai moral, crita rakyat, pendhekatan sturktural, lan landhesan teori.
- (3) Bab III sajrone panliten iki ngandharake ngenani metode panliten kang ngemot ancangan panliten, sumber dhata lan dhata panliten, instrument panliten, tata cara ngumpulake dhata, tata cara ngolah dhata, lan tata cara nyuguhake dhata.
- (4) Bab IV sajrone panliten iki ngandharake ngenani andharan lan asile panliten. Nilai moral kang sesambungan antarane manungsa karo Pangeran, sesambungan manungsa karo manungsa liya, lan sesambungan manungsa karo awake dhewe. Lan uga nilai moral kang isih bisa ditrepake ing bebrayan saiki.
- (5) Bab V sajrone panliten iki ngandharake ngenani dudutan sajrone panliten yaiku simpulan lan saran.

ANDHARAN LAN ASILE PANLITEN

1. Andharan Panliten

Ing perangan andharan kang ana sajrone subbab kasebut dideskripsikake andharan ngenani asil analisisid nilai moral sesambungan manungsa karo Pangeran, nilai moral sesambungan manungsa karo manungsa liya, nilai moral sesambungan manungsa karo awake dhewe lan nilai moral kang bisa ditrepake ing bebrayan saiki. Bab kasebut dijlentrehake kaya ing ngisor iki.

1) Sesambungan Manungsa karo Pangeran

Nilai moral kang sesambungane manungsa karo Pangeran ing Crita Rakyat Gugur Luhur iki ana 8 dhata kang dikelompokake kaya mangkene:

(1) Kapercayan marang Kuwasane Pangeran

Ditemokake 3 dhata kang nuduhake kapercayan marang Pangeran. Telung dhata kasebut ngandhut tembung kang bisa dadi acuan utawa ngeber kapercayan marang Pangeran. Kapercayan kasebut yaiku percaya marang kuwasane utawa kekuwatane Pangeran kang menehi pitulungan marang manungsa kang gelem sambat lan nyuwun pitulungan marang Pangeran.

Kapercayan iki minangka tandha yen manungsa percaya yen Pangeran minangka dat kang paling luhur lan paling dhuwur drajate, mula ora ana kang bisa ngalahake kuwasa lan kekuwatane Pangeran.

(2) Taat marang Ajaran

Ditemokake 1 dhata kang nuduhake ketaatan marang ajaran. Dhata kasebut ngandhut tembung kang nisa dadi acuan utawa ngener marang ketaatan ajaran. Ketaatan kasebut kaya dene nindakake apa kang dadi ajaran kang didadekake pedhoman ing tumindake. Ing CRGL iki taat marang ajaran dibuktekake kanthi nindakake apa kang dadi perintah kaya ibadah, lsp.

(3) Nindakake Tradhisi

Ditemokake 2 dhata kang nuduhake nindakake tradhisi. Dhata kasebut ngandhut tembung kang bisa dadi acuan utawa ngener nindakake tradhisi. Tradhisi kang ana ing CRGL iki yaiku salah sijine nindakake panyembahan utawa ibada, wayangan sadurunge budhal perang utawa nindakake tugas kang abot utawa mbebayani, amrih bisa antuk rahayune lan pangestune Pangeran supaya slamet lan oleh kasil kang becik.

(4) Muji Sokur marang pangeran

Ditemokake 2 dhata kang nuduhake tumindak muji sokur marang Pangeran. Dhata kasebut ngandhut tembung kang ngener utawa ngacu mring tumindak muji sokur marang Pangeran. Anggone muji sokur marang pangeran amarga anggone nyuwun pitulungan diwenehi marang pangeran lan uga wis diwenehi kecukupan anggone urip.

2) Sesambungan Manungsa karo Manungsa Liya

Nilai moral kang sesambungane manungsa karo manungsa liya ing Crita Rakyat Gugur Luhur iki ana 22 dhata kang dikelompokake kaya mangkene:

(1) Kekancan

Ditemokake 2 dhata kang nuduhake moral arupa kekancan. Dhata kasebut ngandhut tembung kang ngener utawa dadi acuan anane moral kekancan. Kekancan kang ana ing dhata iki arupa kekancan kang nguntungake pawongan kang nindakake memitran utawa kekancan. Ana timbal balik anggone memitran utawa nggawa manfaat kanggo kalorone. Sesambungan timbal balik kang kaya ing dhata kasebut kang diarani memitran kang nggawa untung utawa guna kanggo kang nindakake. kekancan kang ana ing kene gegayutane karo bangsa Landa lan wong Jawa, nanging, kang diwenehake antarane memitrane yaiku pawarta

utawa berita banjur imbal balike arupa dhuwit utawa bandha donya liyane.

(2) Kasetyan

Ditemokake 3 dhata kang dadi bukti kasetyan kang ana ing CRGL. Dhata kasebut ngandhut tembung kang bisa dadi acuan utawa ngener kasetyan. Kasetyan kang ana ing dhata kasebut awujud kasetyane marang nagara, marang ratune. Anggone setya marang bangsa lan negara uga retune diwujudake kanthi taat mring kang dadi printah utawa tugas kang diwenehake. Kanthi ora tau mbantah utawa ngomong ira saguh marang apa kang kudu dilakoni.

(3) Kaluwargan

Ditemokake 1 dhata kang dadi bukti moral arupa kaluwargan kang ana ing CRGL. Dhata kasebut ngandhut tembung kang bisa dadi acuan utawa ngener moral kaluwargan. Kaluwarga bisa saka sesambungan dharah utawa talining perkawinan, nanging ing crita iki kang awujud kaluwargan yaiku wong liya kang kudu diakoni sedulur, amarga tunggal sapeguron lan wis ora nduwe sapa-sapa ing uripe. Mula saka kuwi direngkuh dadi kaluwarga.

(4) Katresnan

Ditemokake 4 dhata kang dadi buti nilai moral katresnan kang ana ing CRGL. Dhata kasebut ngandhut utawa ngemot tembung kang bisa dadi acuan utawa ngener nilai moral arupa katresnan. Katrsnan kang ana ing dhata iki arupa katresnane marang sepadha lan katresnane marang bojo. Pawongan kang nandang tresna ing kene dadi rumangsa kudu njaga, ngurmati lan nduwe tanggung jawab marang kang di tresnani.

(5) Kiyanat

Ditemokake 2 dhata kang dadi bukti nilai moral kang arupa kiyanat sajrone CRGL. Kiyanat mujudake nilai moral kang ala, nanging pnagripta ora niat menahi tuladha kang ora becik tumrap para pamaca, naning saka moral ala iki, dikarepake pamaca bisa mangerteni tumindak kanga la lan becik. Kiyanat minangka tuladha moral kang ora becik mula dikarepake para pamaca ora nuladhani moral kasebut. Kiyanat ing kene diwujudake kiyanat marang jabatan, marang negara, kapercayan lan marang ratu gustine. Kudune mbela bangsane malah mehak marang bangsa liya mung karena oleh dhuwit akeh lan dicukupi kabeh kabutuhane.

(6) Apus-apus

Ditemokake 3 dhata kang dadi bukti nilai moral kang arupa apus-apus sajrone CRGL. Apus-apus mujudake nilai moral kang ala, nanging pnagripta ora niat menahi tuladha kang ora becik tumrap para pamaca, naning saka moral ala iki, dikarepake pamaca bisa mangerteni tumindak kang ala lan becik. Apus-apus minangka tuladha moral kang ora becik mula dikarepake para pamaca ora nuladhani moral kasebut. Apus-apus kang ditindakake Tumenggung Mento Setio mujudake tugas saka retune, supaya bisa dadi matapita, nanging apus-apus kang dilakoni dening Landa nduweni niyatan supaya wong Jawa bisa dadi sekutone lan Landa bisa nguwasani tanah Jawa.

(7) Tulung Tinulung

Ditemokake 1 dhata kang addi bukti anane moral kang awujud tulung tinulung sajrone CRGL iki. Tulung tinulung ing kene mujudake tumindak kang becik. Menahi pambiyantu marang wong kang ringkih lan butuh pitulungan. Pitulungan kang dilanoni dening Tumenggung yaiku mbrastha kadurjanan.

(8) Musyawarah

Ditemokake 1 dhata kang dadi bukti anane moral kang arupa musyawarah ing CRGL. Nalika Wijiasih lagi ana salah paham marang mitrane Niken Retnosiwi, dheweke nggunakke cara musyawarah kanggo mungkasi perkarane. Kanthi anne musyawarah bisa mungkasi perkara kanthi becik lan tanpa ana pihak sing rumangsa rugi. Kita manungsa nduweni panemu kang beda-beda mula ora gumun yen nganti ana salah paham. Cara kang becik kanggo mungkasi yaiku nane tembung kang bisa ngudal annae salah paham utawa musyawarah.

(9) Bela bangsa

Ditemokake ana 5 dhata kang dadi bukti anane moral kang awujud bela bangsa. Dhata kasebut ngemot utawa ngandhut tembung kang bisa dadi acuan utawa ngener nilai moral bela bangsa. Bela bangsa ing kene dilakoni kanggo kamulyane bangsa. Ora mung prajurit utawa kesatriya nanging sapa wae kang bisa melu bela bangsa. Nganti rila ngorbanake apa kang dinduweni lan kang ditresnani kanggo melu mbela bangsa lan nylametake saka bangsa Landa kang nalika iku njajah tanah Jawa.

3) Sesambungan Manungsa karo Manungsa Awakw Dhewe

Nilai moral kang sesambungane manungsa karo manungsa awake dhewe ing Crita Rakyat

Gugur Luhur iki ana 16 dhata kang dikelompokake kaya mangkene:

(1) Harga Dhiri

Ditemokake 5 kang nuduhake nilai moral harga dhiri utawa ajining dhiri. Dhata kasebut ngandhut utawa ngemot tembung kang bisa dadi acuan utawa ngener nilai moral harga dhiri. Harga dhiri kang ana ing CRGL yaiku gayut karo kaurmatane. Saperangan dhata mujudake harga dhirine wanita Jawa kang dilecehake dening Landa. Lan harga dhiri liyane mujudake njaga wadine negara nganti dibelani mati.

(2) Dhendham

Ditemokake 1 kang nuduhake nilai moral dhendham. Dhata kasebut ngandhut utawa ngemot tembung kang bisa dadi acuan utawa ngener nilai moral dhendham. dhendham mujudake nilai moral kang ala, nanging pnagripta ora niat menepi tuladha kang ora becik tumrap para pamaca, naning saka moral ala iki, dikarepake pamaca bisa mangerteni tumindak kanga la lan becik. dhendham minangka tuladha moral kang ora becik mula dikarepake para pamaca ora nuladhani moral kasebut. Yen wong nuladhani moral dhendham ora bakal tentrem uripe, amarga bakal usaha supaya mbales lan terus kaya mangkono. Dhendham kang ana ing CRGL iki yaiku dhendhame Landa marang Tumenggung kang wis nggawe ontran-ontran. Banjur nalika ana kesmeoatan, bangsa Landa milara Tumenggung kanggo wujud bales dhendhame.

(3) Andhap Asor

Ditemokake 1 kang nuduhake nilai moral andhap asor. Dhata kasebut ngandhut utawa ngemot tembung kang bisa dadi acuan utawa ngener nilai moral andhap asor. Andhap asor yaiku nganggep awake padha karo wonh liya, ora nduweni samubarang kang luwih unggul tinimbang liyane. Tumenggung Mento Setiko nganggep drajate padha marang wong tuwane Wijiasih kang minnangka mung bakul jenang ing pasar.

(4) Wicaksana

Ditemokake 1 kang nuduhake nilai moral wicaksana. Dhata kasebut ngandhut utawa ngemot tembung kang bisa dadi acuan utawa ngener nilai moral wicaksana. Kawicaksanan ing CRGL iki yaiku nalika Ki Padmoyuwono lagi menepi pitutur marang Wijiasih kang lagi ora nduwe semangat lan wedi ngadhepi masalah ing uripe. Mula cara Ki Padmoyuwono menepi saran utawa dalan kanggo ngrampungngi perkara kanthi wicaksana.

(5) Tanggung Jawab

Ditemokake 3 kang nuduhake nilai moral tanggung jawab. Dhata kasebut ngandhut utawa ngemot tembung kang bisa dadi acuan utawa ngener nilai moral tanggung jawab. Tanggung jawab kang ana ing dhata jasebut awujud tanggung jawab marang tugas kang diemban, lan tanggung jawab kanggo mbrastha kadurjanan. Tanggung jawab marang apa kang dadi keputusan lan kesaguhane kanggo bela bangsane nganti temaukaning pati.

(6) Kawanenan

Ditemokake 1 kang nuduhake nilai moral wani. Dhata kasebut ngandhut utawa ngemot tembung kang bisa dadi acuan utawa ngener nilai moral wani. Manungsa kang wani ora berate manugsa kang ora nduweni wedi, nanging manungsa kang bisa ngalahake rasa wedine. Kabukten ing dhata iki yaiku Ririswati kang miris nalika kumpeni nggunakake bedhil, nanging dheweke kanthi eling-eling sesanti kang tau diandharake bojone banjur tuwuh rasa kawanenane kanggo tetp nyatroni Landa.

(7) Wedi

Ditemokake 1 kang nuduhake nilai moral wedi. Dhata kasebut ngandhut utawa ngemot tembung kang bisa dadi acuan utawa ngener nilai moral wedi. Rasa wedi ana amarga rumangsa ora mampu utawa ora yakin. Nanging ing dhata iki rasa wedi kang dialami dening Wijiasih yaiku wedi marang roh kang bubar dipateni dening Tumenggung. Rasa wedi kasebut amarga anane rasa was-was utawa ora mangerti.

(8) Sabar

Ditemokake 2 kang nuduhake nilai moral sabar. Dhata kasebut ngandhut utawa ngemot tembung kang bisa dadi acuan utawa ngener nilai moral sabar. Sabar kang ana ing CRGL yaiku sabar kanggo nunggu wektu kang pas anggone ngrajut talining asmara kang suci yaiku Ardiyoko lan Niken Retnosiwi. Nanging uga ana sabar kang awujud panelangan maarga ditinggal wong kang ditresnani yaiku Tumenggung Mento Setiko nalika ditinggal anak lan 3 anake mati dening Landa.

(9) Gigih

Ditemokake 1 kang nuduhake nilai moral gigih. Dhata kasebut ngandhut utawa ngemot tembung kang bisa dadi acuan utawa ngener nilai moral gigih. Nilai moral gigih yaiku ora gampang nyerah senajan kahanan kaya wis ora mungkin. Kaya kang dilakoni dening Tumenggung Mento Setiko nalika dikepung dening Landa nangung dheweke isih gigih usaha supaya bisa menang nyatroni Landa.

4. Nilai Moral kang Bisa Ditrepake ing Bebrayan Saiki

Nilai-nilai moral kang becik sajrone CRGL kang isih bisa ditrepake kabeh ing bebrayan, lan dadi pedhoman sajrone tumndak ing urip bebrayan nanging adhedhasar kahanan bebrayan saiki nilai moral kang paling bisa ditrepake yaiku kaya mangkene.

- (1) Eling marang Pangeran, nilai moral kasebut bisa ditrepake ing bebrayan saiki. Amarga nganti mbesuk kita uga tansah eling marang Pangeran. Kita urip amarga anane kuwasane Pangeran, yen nganti kita lali marang pangeran bisa diarani kita mati amarga pedhot sesambungane klawan Pangeran.
- (2) Muji sokur marang Pangeran, nilai moral kasebut bisa ditrepake ing bebrayan saiki, awit kita muji sokur marang Pangeran, apa kang kita pikantuk lan apa kang kita nduweni bakal krasa akeh berkah. Muji sokur marang Pangeran uga bisa ndadekake berkah saka pangeran ditambah, awit kita ora srakah lan nedha nrima marang apa kang diparingi dening Pangeran. Nalika pawongan bisa nduweni rasa syukur mula urip bisa tentrem lan ayem.
- (3) Nindakake tradhisi, minangka nilai moral kang sesambungan manungsa karo Pangeran, tradhisi ing bebrayan saiki bisa ditrepake amarga tradhisi minangka pakulinan utawa adat kang wis ana wiwit jaman biyen lan kudu dijaga nganti saiki, senajan wis ngalami owah-owahan. Nanging tetp kudu dijaga lan ngrembaka aja nganti cures. Bisa uga dadi warisan kang bisa diturunake marang anak putu lan dadi identitas Jawa.
- (4) Taat marang ajaran, ajaran minangka pedhomane kanggo ngaurip. Mula kita manungsa wiwit jaman biyen nganti jaman saiki bisowa memegang teuh mring ajaran kang wis ana. Murih ketata urip lan tumindakmu.
- (5) Kekancan utawa memitran. Nilai moral kang gegayutane karo manungsa liya iku bisa banget yen ditrepake ing bebrayan saiki. Awit manungsa minangka makhluk sosial kang ora bisa urip dhewe tanpa anane pitulungane wong liya. Mula kekancan utawa memitran iku bisa menahi sumbangsih utawa kabecikan sarta kauntungan marang kang nglakoni.
- (6) Kaluwargan, nilai moral kang sesambungane karo manungsa liya iki uga bisa ditrepake ing bebrayan. Amarga kaluwarga minangka wong kang paling peduli marang kita. Katresnane uga ora ana sing bisa ngganteni katresnane kaluwarga marang kita. Mula wiwit jaman

biyen nganti jaman saiki manungsa tetep nduweni kaluwarga utawa berkeluarga.

- (7) Katresnan, manungsa ora bisa uwat saka kang diarani tresna. Tresna marang lanang wadon lan tresna marang ibu bapak, lsp. Mula saka kuwi manungsa kang duwe daya oangrasa ora bisa uwal saka kang jenenge katresnan. Nalika kita tresna marang samubarang utawa pawongan bakal nuwuhake rasa njaga, tanggung jawab lan kurmat. Mual moral katresnan kang sesambungane manungsa karo manungsa liyane bisa ditrepake ung bebrayan wiwit jaman nganti saiki.
- (8) Kasetyan, minangka nilai moral kang sesambungane manungsa lan manungsa liyane. moral iki bisa ditrepake ing ngendi wae, bebrayan saiki utawa biyen. Amarga kasetyan dibutuhake kanggo nuwuhake rasa percaya marang pawongan. Sajrone kekancan, nyambung tali katresnan, ing pakaryan kita kudu nduweni rasa setya. Supaya apa kang dilakoni bisa awet nganti ing jaman tembe.
- (9) Tulung-tinulung, nilai moral kang sesambungane antarane manungsa lan manungsa liya iki cocok banget nalika ditrepake ing bebrayan saiki. Manungsa ora isa urip tanpa pitulungane manungsa liya, mula saka kuwi manungsa diarani makhluk sosial. Dadi kita minangka manungsa kang urip ing bebrayan mligine kudu nduweni sikap kang seneng tulung tinulung, sok kapan kita uga bakal butuh pitulungane wong liya, mula saka kuwi kita uga kudu seneng nindakake moral kang siji iki yaiku tulung tinulung.
- (10) Musyawarah,, moral siji iki uga trep banget yen nganti saiki digunakake pedhoman ing urip bebrayan. Kita manungsa nduweni watak, pamikiran kang beda-beda antrane siji lan liyane, mula ora mokal yen ana salah paham amarga beda panemu. Anane musyawarah iki bisa dadi dalan mungkasi perkara kang ana ing bebrayan.
- (11) Bela bangsa, moral kang gegayutane karo bangsa lan negara iki bisa ditrepake ing bebrayan jaman saiki, nanging apa kang dilakoni beda karo nalikane jaman biyen isih berjuwang. Bela bangsa saiki bisa idlakoni dening sapa wae lan saka kalangan endi wae. Tulafhane kaya ing kalagan pendhidhikan bisa nuwuhake rasa patriotism lan cinta marang bangsa wiwit cilik, lan bisa uga ndharmakake kabisane kanggo bangsa kaya melu bersaing ing dinya oendhidhikan, ekonomi ing taraf internasional.
- (12) Harga dhiri, nilai moral siji iki sesambungane karo awake dhewe. Kita minangka manungsa

kang nduwene ajining dhiri kudu bisa njaga apa kang kaurmatane awake dhewe. Wiwit jaman biyen nganti saiki uwong kabeh wis mesthi nduweni aji kang kudu dijaga nganti mati.

- (13) Andhap asor, nalika urip ing bebrayan kita kudu nduweni sikap andhap asor, amarga watak uwong kang kita adhepi maneka warna utawa beda-beda. Nalika kita bisa nganggep wong kuwi nduweni samubarang kang padha karo kita mula urip ing bebrayan bakal dadi ayem tentrem ora ana rasa aluwih bisa utawa luwih unggul.
- (14) Wicaksana. Nilai moral iki gegayutane karo awaké dhewe, nduweni kawicaksanaan bisa gampang angone ngrampung utawa mungkasi perkara kanthi cara becik supaya ora ana musuhan utawa tukar padu sajrone urip ing bebrayan.
- (15) Tanggung jawab, nilai moral kang sesambungane karo awake dhewe iki uga pantes yen ditrepake ing urip bebrayan saiki. Amarga ing ngendi wae marang sapa lan apa kita kudu nduweni rasa tanggung jawab.
- (16) Kawanenan, wani marang apa kang becik. Nalika kita nindakake kabecikan kita kudu nduwe rasa wani. Wong kang bisa nduweni rasa wani luwih nduweni greget anggoni ngadhepi apa wae kang ana ing uripe. Mula saka kuwi nilai moral kan awujud kawanenan iki uga kudu ditrepake nganti saiki lan mbesuk.
- (17) Sabar, nilai moral kang diarani sabar iki pancen pait, nanging yen kita bisa nglakoni kanthi taberi bakal oleh asil kang legi utawa becik. Wong nduweni sipat sabar luwih bisa ayem uripe lan luwih bisa nrima apa kang wis dadi rencanane Pangeran.
- (18) Gigih, kanggone urip ing bebrayan utamane para muda-mudji kudu nduweni moral kang siji iki ing nglakoni uripe. Moral kang awujud gigih iki yen di trepake bakal nuwuhake tekad, usaha lan ora gampang nyerah sajrone nggayuh kautaman lan nindakake kabecikan.

PANUTUP

Sajrone bab panutup bakal diandharake ngenani dudutan lan saran. Dudutan kang dimaksud yaiku gegayutan karo pokok masalah kang wis dibahas ing bab papat. Panliten uga menehi saran kanggo para pamaca.

1. Dudutan

Sajrone analisis kang diandharake ing bab papat dibuktekake yen Crita Rakyat Gugur Luhur dening Hastaraharjo akeh ngandhut nilai-nilai moral, yaiku

nilai moral sesambungan manungsa lan Pangeran, sesambungan manungsa lan manungsa liya, sesambungan manungsa lan awake dhewe lan nilai moral kang bisa ditrepake ing bebrayan.

- (1) Nilai moral sesambungan manungsa karo Pangeran diperang dadi 4 yaiku, kapercayan marang Pangeran, taat marang ajaran, nindakake tradhisi, muji sokur marang Pangeran. Perangan kasebut mujudake nilai moral kang sesambungan manungsa karo pangeran.
- (2) Nilai moral sesambungan manungsa karo manungsa liya dibagi dadi 9 yaiku, kekancan, katresnan, kaluwargan, kasetyan, kiyanat, tulung tinulung, bela bangsa, musyawarah, apus-apus. Perangan kasebut mujudake nilai moral kang sesambungane manungsa karo manungsa liya.
- (3) nilai moral sesambungan manungsa karo awake dhewe dibagi dadi 9, yaiku harga dhiri, dhendham, andhap asor, wicaksana, gigih, sabar, kawanenan, wedi, tanggung jawab.
- (4) Nilai moral kang isih ditrepake ing bebrayan saiki yaiku, percaya marang kuwasane Pangeran, nindakake tradhisi, taat marang ajaran, muji sokur marang Pangeran, kekancan, katresnan, kaluwargan, kasetyan, tulung-tunulung, musyawarah, bela bangsa, ajining dhiri, andhap asor, wicaksana, tanggung jawab, kawanenan, sabar lan gigih.

2. Saran

Adhedhasar dudutan kang wis diandharake ing ndhuwur, banjur bakal dijlentrehake ngenani saran kang gayut karo panliten iki. Kaya ing ngisor iki bakal dijlentrehake.

- (1) Kanggo para pamaca umume, panliten iki diajab bisa menehi wawasan sarta menehi kawruh ngenani panliten sastra mligine. Saliyane kuwi pamaca uga dikarepake bisa mangerteni ngenani teori ing donyane sastra kang digunakake minangka alat panliten sastra. Kanggo panliten, dikarepake panliten iki bisa dadi cara mbeneri studi ngenani teori sajrone panliten sastra, mligine sastra Jawa.
- (2) Kanggo donyane pendhidhikan formal, panliten iki diajab bisa menehi guna utawa manfaat kanggo pengajaran sastra ngenani ajaran moral sajrone crita rakyat.
- (3) Isih akeh alternative panliten kang bisa dilakoni ngenani crita rakyat Gugur Luhur dening Hastaraharjo kanthi nggunakake tintingan kang beda kayata, tintingan struktural, semiotic, lan resepsi sastra. Kanthi kaya mangkono isih akeh

kesempatan kanggo nлити kanthi cara liya kang
beda.

